# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–19 मई 2025 भोजपुरी समाचार

भारतीय सेना ओह खबरन क खंडन कइले हौ जेहमें दावा कइल गइल रहे कि भारत अउर पाकिस्तान के बिच्चे युद्ध बिराम काल्हि खतम हो गइल। भारतीय सेना के मोताबिक अठारह मई के भारत अउर पाकिस्तान के बिच्चे सैन्य संचालन महानिदेसक–डीजीएमओ स्तर क कउनों बातचीत तय नाहीं रहे। सेना कहले हवे कि बारह मई के डीजीएमओ के बातचीत में तय कइल गइल संघर्स बिराम चलि रहल हौ अउर एके खतम भइले क तारीख तय नाहीं हौ।

बतकहीं के दौरान येह प्रतिबद्धता के जारी रहले से जुड़ल मुद्दन पर चरचा कइल गइल रहे कि दुन्नो पक्ष एक्को गोली नाहीं चलइहें चाहे एक–दुसरे के खिलाफ कउनों आक्रामक अउर सत्रुतापूर्ण कार्रवाई सुरू नाहीं करिहें। येहू बाति पर सहमति भइल रहे कि दुन्नो पक्ष सीमा अउर अग्रिम इलाकन से सैनिकन के संख्या में कमी सुनिस्चित करे बदे तत्काल उपाइनि पर बिचार करें।

**********

ऑपरेशन सिंदूर के सफलता के ले के प्रदेस के मुरादाबाद अउर बरेली के सथहीं प्रमुख रेलवे स्टेसनन के तिरंगा लाइट से सजावल गइल हौ। मुरादाबाद रेलवे डिवीजन क सीनियर डीसीएम आदित्य गुप्ता बतवलें कि सैनिकन के परिवारन अउर सैनिकन के सम्मान में बिसेस बेंच अउर एगो प्रतीक्षा कक्षो आवंटित कइल गइल बा। सथहीं सार्वजनिक घोसणा प्रणाली अउर टीवी विजुअल क उपयोग देसभक्ति से जुड़ल गाना–बजाना बदे कइल जा रहल हौ।

**********

केन्द्रीय कृषि मंत्री शिवराज सिंह चौहान कहले हवें कि देस भर में बिकसित कृषि संकल्प अभियान सुरू कइल जाई। ई अभियान येह महिन्ना के ओन्तीस तारीख से सुरू होई अउर अगिला महिन्ना बारह जून ले चली। नई दिल्ली में संवाददाता सम्मेलन में श्री सिंह कहलें कि देसभर के सात सौ तेईस जिलन में ई अभियान चलावल जाई अउर एहसे करीब डेढ़ करोड़ किसान लाभ पइहें।

**इस अभियान में हम 2170 टीमें बना रहे हैं वैज्ञानिकों की। इसमें कम से कम चार साइंटिस्ट एक टीम में होंगे। इन वैज्ञानिकों के साथ जोडेंगे हम यूनिवर्सिटीज को, कॉलेजेस को, राज्य सरकार के अमले को, केन्द्र की पूरे कृषि विभाग की टीम को, प्रगतिशील किसानों को, एफपीओज को और यह टीम एक जिले में तीन टीमें जाएगी देश में। हर एक टीम जिस एक गांव में जाएगी वहां पांच से लेकर दस गांव के किसान वहां आएंगे।**

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु लखनऊ में सहकारिता विभाग के कार्यन क समीक्षा कइलें। उहां के प्रदेस के लघु अउर सीमांत किसानन के आय में बढ़ोत्तरी अउर आर्थिक ससक्तीकरण के उद्देस्य से 'मुख्यमंत्री कृषक समृद्ध योजना' सुरू कइले क निरदेस दिहलीं।

**बैठक में मुख्यमंत्री कृषक समृद्धि योजना की रूपरेखा प्रस्तुत की गई, जिसे मुख्यमंत्री ने दूरदर्शी और किसान–हितैषी पहल बताया। उन्होंने प्रस्तावित मुख्यमंत्री कृषक समृद्धि योजना में नाबार्ड के साथ–साथ सहकारी बैंकों की सक्रिय भागीदारी सुनिश्चित करने के भी निर्देश दिए। श्री योगी ने कहा कि योजना का क्रियान्वयन प्रभावी और समयबद्ध हो। इसके लिए सहकारी बैंकों की ऋण वितरण क्षमता को बढ़ाया जाए। शाखाओं के आधुनिकीकरण हेतु वित्तीय सहायता उपलब्ध कराने के साथ ही किसानों तक ऋण वितरण की सुगमता सुनिश्चित करने के लिए भी आवश्यक कदम उठाए जाएं। समाचार कक्ष से विवेक सिंह**

**********

इलाहाबाद उच्च न्यायालय सम्भल में शाही जामा मस्जिद के सर्वेक्षण बदे निचली अदालति के ओरि से जारी आदेस के बरकरार रखले हौ। सथहीं मुस्लिम पक्ष क याचिका खारिज कइ दीहल गइल बा।

**********

दिल्ली से दरभंगा बदे जौनपुर होत हप्ता में दुइ दिन बिसेस ट्रेन चलावल जाई। ओन्नइस मई से दस जुलाई ले ई ट्रेन हर हप्ता दिल्ली से सोम्मार अउर बियफे के चली। ई जनकारी रेलवे के वाराणसी मण्डल क जनसम्पर्क अधिकारी अशोक कुमार दिहलें। उहां के बतवलीं कि ई ट्रेन दिल्ली से भिन्नहीं इग्यारह बजे रवाना होई अउर तय स्टेसनन से होत अगिला दिन्ने दुपहरिया बारह बजि के पचीस मिनट पर जौनपुर पहुंची। एकरे बाद ई ट्रेन बनारस, औड़ीहार अउर गाजीपुर सिटी होत दरभंगा बदे रवाना हो जाई।

**********

प्रदेस के पूरबी अउर पच्छिमी इलाकन में आजु से ले के पचीस मई ले कहीं–कहीं बरखा भइले अउर गरज–चमकि के साथे बौछार परले क सम्भावना हौ। मौसम विभाग तेईस मई ले बिजुली गिरले अउर तेज झोंकेदार बेयारि चलले क अनेसो जतवले हौ। येह बिच्चे, पछिला चउबीस घंटा में गोरखपुर अउर संतकबीरनगर के सथहीं लग्गे के कई पूरबी जिलन के साथे में कुछु पच्छिमी जिलनों में कई जगहिनि पर हल्लुकाहे बूंदाबांदी से ले के बरखा भइले क खबरि हौ।

**********